Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan dugg ci wanag day wax: «Allaahumma innii ahuusu bika minal xubusi wal xabaa-isi

Jële nañu ci Anas -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan dugg ci wanag day wax: «Allaahumma innii ahuusu bika minal xubusi wal xabaa-isi».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan namm a dugg ci barab bu muy faje aajo, saw mbaa ginnaaw kër, day muslu ci Yàlla, làqatu ci moom ngir mu musal ko ci ayu Saytaane yu góor yi ak yu jigéen yi. Firee nañu xubus ak xabaaisi ba tay ci aw ay ak ci ay sobe.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3150